QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI NO'KİS QALASI HA'KİMİNİN ShESHİMİ

QORAQALPOG'İSTON RESPUBLİKASİ NUKUS SHAHAR HOKIMINING QARORİ

Dosnazarov ko'shesi 96- jay Tel: (361) 222-71-01

«10» 04 2018-жыл №05/04-63 Нөкис қаласы

Нөкис қаласы Ш.Ахмедов көшеси «Автоматластырылған қалалар аралық телефон станция»сы имараты алдында жол ҳәрекет қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында.

Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги Жол ҳәрекети қәўипсизлиги басқармасының 2018-жыл 26-январь 11/6-180-санлы автотранспорт айдаўшыларының тезликти асырыўы нәтийжесинде велосипед айдаўшылар ҳәм пиядаларды қағып кетиў жағдайлары көплеп ушырасып, аўыр ақыбетли жол транспорт ҳәдийселери келип шығып атырғанлығы себепли, автотранспортлардың қәўипсиз ҳәрекетлениўин тәмийинлеў мақсетинде, жол белгисин орнатыў ҳаққындағы усынысын қарап шығып, Өзбекистан Республикасының «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2013 йил 15 апрел, 15-сон, 197-модда)ның 7-статьясына, Өзбекстан Республикасы «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамының 25-статьясына муўапық

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н :

1. Ш.Ахмедов көшеси «Автоматластырылған қалалар аралық телефон станция»сы имараты алдында 3.27 «Тоқтаў қадаған» тәсир аралығы 100 м жол белгиси орнатылсын.

2. Жол белгисин белгиленген тәртипте орнатыў, Нөкис қалалық ишки ислер бөлими (Г.Аметов)не тапсырылсын.

3. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Нөкис қаласы ҳәкиминиң орынбасары И.Отегеновқа жүкленсин.

4. Бул шешим қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм ҳәкимлик рәсмий веб-сайтына жайластырылсын.

5. Бул шешим рәсмий жәрияланған күнинен баслап күшке киреди.

Ҳәким ў.ў.а: **П.Турешев**